

# METE SANTE W AN PREMYE: FI

Jwenn sèvis prevantif ki bon pou ou yo! Pwofite sèvis sa yo ak lòt sèvis ankò ki disponib gratis pou fi yo nan kad anpil kouvèti medikal.



- Vizit sante pou fi
- Kontrasepsyon
- Konsèy ak tès depistaj pou zafè vyolans domestik ak vyolans relasyonèl
- Sante Tete yo: Konsèy BRCA, mamografi, konsèy sou chimyoprevansyon
- Tès depistaj osteyopowoz
- Konsèy sou move itilizasyon alkòl ak itilizasyon tabak
- Tès depistaj kansè kòl matris
- Tès depistaj MST yo tankou, klamidya, gonore, VPH, ak VIH
- Sipò, konsèy ak ekipman pou fi k ap bay tete yo
- Sipleman asid folik pou fi ki ka ansent yo

**TÈS DEPISTAJ SWEN POU TIBEBE KI PA KO FÈT YO:** Anemi; Enfeksyon Irinè; Dyabèt Jestasyonèl; Epatit B; Enkonpatibilite Rezis; Sifilis

**KONSÈY SOU PRI:** Yo kouvri pifò sèvis prevantif yo gratis. Men, si ou resevwa sèvis anplis, yo ka voye bil yo pou ou. Mande biwo founisè w la oswa plan ou ladan l lan pou yo ba w esplikasyon sou nenpòt frè a.

Pou w ka jwenn resous anplis ak yon lis sèvis prevantif yo kouvri gratis nan pifò plan sante yo konplè, tanpri ale sou sit ki vin apre a **go.cms.gov/c2c**.

Dat Revizyon: Me 2022 Piblikasyon #11945-HC